

Nimewo Idantifikasyon Enpo pou Kontribiyab (Individual Taxpayer Identification Numbers)



Si'w fè lajan isit Ozetazini, ou dwe prezante deklarasyon enpo menmsi'w pa gen yon nimewo sekirite sosyal. Atik sa a eksplike w kijan pou prezante yon deklarasyon enpo si'w pa gen yon nimewo sekirite sosyal, epi si'w pa kalifye pou youn tou.

Mwen vle prezante deklarasyon enpo, men'm pa gen yon nimewo sekirite sosyal. Kisa'm dwe fè?

Si'w pa gen yon nimewo sekirite sosyal, ou dwe prepare deklarasyon enpo'w, epi tou fè demann pou yon Nimewo Idantifikasyon Enpo pou Kontribiyab, ki rele an Anglè *Individual Taxpayer Identification Number (ITIN)*. (ITIN) nan se yon nimewo ki gen 9 chif ke IRS bay mounn ki pa gen nimewo sekirite sosyal, ak moun ki pa kalifye pou gen yon nimewo sekirite sosyal. Sa vle di ke, si'w gen bon papyè imigrasyon ki ba'w opòtinite pou gen nimewo sosyal ou, ebyen ou pa ka gen yon ITIN. Men si sityasyon imigrasyon'w pa pèmèt ou pou gen yon nimewo sekirite sosyal, ebyen ou kapab genyen yon ITIN. Se pou prezante deklarasyon enpo nan IRS sèlman ITIN nan kab sèvi'w. ITIN nan pa kapab:

- Otorize'w pou travay isit Ozetazini
- Chanje sityasyon imigrasyon'w
- Sèvi'w kòm pyès idantifikasyon pou fè lisans pou kondi machin
- Pèmèt ou kalifye pou benefis piblik, oubyen pou fè kòb nan deklarasyon enpo.

Poukisa'm dwe chèche gen ITIN?

ITIN nan kapab pèmèt ou benefisye bagay ki gen pou wè ak enpo, ak lòt ki pa gen pou wè ak enpo tou. Benefis ki gen pou wè ak enpo ke'w ka benefisye yo se:

- Si'w te travay epi ou te touche lajan, li ilegal si'w pa prezante deklarasyon enpo-w.
- Se sèl fason ou kapab prezante deklarasyon enpo, si'w pa gen bon papyè imigrasyon.
- Li kapab pèmèt IRS remèt ou enpo ou te peye anplis.
- Li kapab pèmèt ou reklame kredi enpo ke IRS bay pou moun ki gen timoun.
- Li kapab pèmèt ou prezante deklarasyon enpo konbine pou ou menm ak madanm oswa mari'w.
- Li kapab pèmèt ou jwenn rabè sou enpo ou te peye, akoz gen timoun piti.

Lòt afè ki pa gen pou wè ak enpo ke ITIN nan ka benefisye'w se tankou:

- Li kapab ede'w demontre ke'w se yon moun ki gen bon karaktè moral, epi tou li kapab pèmèt ou pwouve prezans fizik ou isit Ozetazini, si yon jou'w ta vin kalifye pou yon benefis imigrasyon
- Li kapab pèmèt ou ouvè yon kanè bank nan kèk bank.

Kijan'm ka fè yon demann ITIN?

Pou fè yon demann ITIN, gen twa egzijans prensipal pou satisfè.

Premyèman, ou dwe ranpli fòm W-7 (*IRS Form W-7*). Se yon fòm ki gen yon (1) paj sèlman. Li pran anviwon 20 minit pou ranpli'l. Li mande pou enfòmasyon pèsònèl ou tankou, non'w, peyi sitwayènte'w, adrès ou, dat ak ki kote'w fèt. Li mande pou bay pouki rezon w'ap fè demann ITIN nan.

Dezyèmman, ou dwe prezante deklarasyon enpo'w. Ou dwe ranpli fòm W-1040 (*IRS Form 1040*) pou sa. Jeneralman, ou pa ka fè demann ITIN nan san ou pa prezante deklarasyon enpo'w ansanm ak fòm W-7 la bay IRS.

Twazyèmman, fòk ou voye pyès idantifikasyon bay IRS. IRS mande ke tout pyès ou voye ak demann ITIN nan dwe gen non ak foto'w sou yo, epi tou, yo dwe demontre ke se pa sitwayen Etazini ke ou ye. Pyès idantifikasyon ke IRS prefere aksepte yo se tankou paspò, lisans pou kondi machin nan peyi'w, kat militè peyi'w, kat idantite nasyonal ou, oswa batistè'w. Si w'ap fè demann ITIN pou yon timoun ki gen pi piti ke 14 ane, ebyen, ou kapab itilize pyès lekòl ak pyès doktè li pou regle sa. Jeneralman, se pyès idantifikasyon original, oubyen kopi ofisyèl ke ajans ki fè yo a sètifye ke ou dwe voye bay IRS. Yon kopi ofisyèl sètifye se yon kopi ke ajans ki fè dokiman an bay, epi sètifye li tankou yon kopi ki fèt egzakteman menm jan ak dokiman orijinal la, ki gen so ofisyèl ajans ki bay dokiman an. IRS va voye dokiman sa yo retounen ba-ou nan 65 jou. IRS pap aksepte fotokopi pyès notarye.

Kontinye nan lòt paj-la

Èske gen lòt fason mwen ka fè si-m pa ta vle voye dokiman-m yo bay IRS pa sèvis lapòs?

Olye pou voye dokiman orijinal yo, aplikan an kab ale nan yon "Certifying Acceptance Agent" (CAA). Designated IRS Tax payer Assistance Centers (TACs) ki se sant ke IRS mete disponib pou ede kontribyab yo regle afè enpo yo, ak "Volunteer Income tax Assistance centers" (VITA) ki se kote ki gen volontè IRS k'ap bay asistans pou zafè enpo, ki sèvi ak (CAAs) ki kapab sètifye ke yo revize epi verifye orijinal ak kopi ofisyèl dokiman idantifikasyon yo. Men malgre sa toujou, fòk ou degaje-w pou voye dokiman depandan-w yo bay IRS pa sèvis lapòs.

Kilè'm dwe fè demann ITIN nan?

Ou sipoze fè demann ITIN nan otomatikman ke'w prè pou prezante deklarasyon enpo'w. Ou kapab fè demann ITIN nan nenpòt kilè nan lane a. Men si deklarasyon enpo ke'w prezante ak demann ITIN nan rive aprè dènye dat delè a, ebyen li posib pou'w dwe remèt lajan bay IRS.

Ki kote'm dwe prezante demann ITIN ak deklarasyon enpo'm nan?

Paske se avèk demann ITIN nan w'ap voye deklarasyon enpo a, ou pa dwe voye deklarasyon enpo a ale poukont li. Ou dwe voye fòm W-7 la ak deklarasyon enpo a ale toulède ansanm. Si se pa lapòs w'ap voye demann ITIN nan ale, ou dwe voye'l bay adrès sa:

Internal Revenue Service
ITIN Operations
P.O. Box 149342
Austin, TX 78714-9342

Si'w itilize sèvis lapòs jodi pou demen pou voye demann ITIN nan ale, ebyen ou sipoze voye'l bay adrès sa:

Internal Revenue Service
ITIN Operations
Mail Stop 6090-AUSC
3651 S. Interregional, HWY 35
Austin, TX 78741-0000

Konbyen tan li pran pou'm resevwa ITIN nan?

Aprè'w fin voye demann ITIN nan bay IRS, li ka pran anviwon 6 semèn pou'w resevwa ITIN nan. Si'w voye demann ITIN nan bay IRS pandan sezon enpo a, (ki se ant 15 janvyè ak 30 avril), ebyen li ka pran 8 a 10 semèn pou'w resevwa'l. Apati dat premye janvyè 2013, tout ITIN ke yo va bay yo va valab pou senkan; yo pap fè yo san dat ekspirasyon ankò.

Eske'm ka jwenn èd pou ede'm prepare demann ITIN nan?

Wi. Meyè fason pou'w jwenn èd pou ede'w pre pare demann ITIN nan se ale nan youn nan biwo ki ede moun ki pa gen mwayen yo pre pare deklarasyon enpo yo ki nan zòn kote'w rete a, oswa ale dirèkteman nan yon biwo IRS ki nan lokalite kote'w rete a. IRS gen biwo nan tout lokalite Nyoudjèze yo. Pou'w ka jwenn biwo IRS ki pi prè lokalite kote'w rete a, tcheke sou entènèt nan: www.irs.gov/app/officeLocator. Nan biwo IRS la, ou ka jwenn èd pou ede'w pre pare fòm W-7 la, yo kapab verifye pyès idantite'w yo, epi yo kapab voye demann ITIN nan ale bay biwo ki reskonsab pwosesis la.

Lòt fason ke'w ka jwenn èd ankò, se ale jwenn yon ajan otorize (*Acceptance Agent*). Yon ajan otorize se yon moun oubyen yon òganizasyon ke IRS bay otorizasyon aprè'l fin ba'l fòmasyon, pou ede moun prepare demann ITIN. Fè atansyon ak notè yo! Yo gen dwa ap fè reklam pou di ke yo bay sèvis sa yo, epoutan yo pa gen otorizasyon IRS. Epi tou, li posib pou'w gen pou peye ajan otorize a pou sèvis li.

Si'm fè yon demann ITIN, èske IRS va rapòte'm bay otorite imigrasyon yo?

Non. Paske gen lwa ki pwoteje enfòmasyon prive moun, (*Privacy Laws*) IRS p'ap rapòte'w bay otorite imigrasyon yo si'w fè yon demann ITIN.

1-888-LSNJ-LAW
(1-888-576-5529)

LSNJLAWSM, Lij Dirèk Gratis Biwo Sèvis Jiridik Nyoudjèze ki sèvi tout eta-a bay konsèy jiridik, enfòmasyon, ak rekòmandasyon pa telefòn pou afè sivil jiridik, pou tout abitan Nyoudjèze ki pa gen gran mwayen. Pou plis enfòmasyon konsènan dekarasyon enpo, vizite sit wèb nou ki se: www.lsnjlaw.org